

Sistèm Sipò nan Plizyè Nivo

Edikasyon Elèv Espesyal

2022 - 2023

Multi-Tiered System of Supports

Continuum of Supports

Supports are provided to students along a continuum of educational need. Students with the most significant need get the greatest level of support.



Kisa yon Sistèm Sipò Plizyè Nivo ye?

MTSS se yon tèm yo itilize pou dekri yon modèl lekòl ki baze sou evidans yo itilize pou rezoud pwoblèm ki baze sou done pou entegre ansèyman ak entèvansyon akademik ak konpòtman. Yo bay elèv yo ansèyman ak entèvansyon entegre nan divès nivo entansite dapre bezwen elèv. Objektif la se pou retire baryè pou aprann, entèvni bonè epi fikse objektif endividiyèl pou elèv yo kapab reyisi.

Diferansye Nivo Sipò yo

MTSS ap chèche entegre ansèyman ak entèvansyon akademik ak konpòtman. Yo rele divès nivo entansite sa yo Nwayo (Nivo 1), Siplemantè (Nivo 2), ak entansif (Nivo 3).

Nwayo (Nivo 1) fè referans ak ansèyman kalite siperyè yo bay tout elèv nan klas edikasyon jeneral la.

Siplemantè (Nivo 2) fè referans ak entèvansyon yo bay ti gwoup elèv ki bezwen plis sipò pase sa yo resevwa nan Nwayo (Nivo 1). Sipò ki alien ak Nwayo (Nivo 1). Elèv k ap resevwa sipò siplemantè gen yon objektif endividiyèl espesifik epi yo kontwole pwogrè chak semèn pou detèmine repons elèv yo nan entèvansyon an.

Entansif (Nivo 3) fè referans ak entèvansyon yo bay nan ti gwoup oswa elèv endividiyèl. Sipò ki alien ak Nwayo (Nivo 1) ak Siplemantè (Nivo 2). Elèv k ap resevwa sipò entansif gen yon objektif espesifik endividiyèl ak pwogrè yo kontwole chak semèn pou detèmine repons elèv yo nan entèvansyon.

Kisa pou m fè si m kwè pitit mwen gen difikilte?

Konsidere fè youn oswa plis nan sa ki anba la a:

- Selebre siksè pit it ou.
- Pale ak pwofesè pitit ou.
- Patisipe nan konferans ak lòt reyinyon ki konsène pitit ou.
- Mande pou rapò regilye sou evalyasyon pwogrè.
- Revize ak ede avèk devwadmezon.
- Aprann sou kourikoulòm, evalyasyon, ak entèvansyon yo itilize nan lekòl pitit ou.



Kijan m Kapab Patisipe nan MTSS?

Fanmi yo jwe yon wòl enpòtan nan sipòte sa pitit yo ap aprann nan lekòl la. Plis paran yo ap patisipe nan aprantisaj pitit yo, se plis randman elèv la ap bay. Poze kesyon sa yo pou aprann plis sou MTSS nan lekòl pitit ou a:

- Èske pitit mwen an ap reyisi? Kijan pou m fè konnen? Si non, poukisa ak kisa nou ka fè yon fason diferan?
- Si sa nesesè, kijan yo pral bay plis èd? Pa kiyès? Chak kilè? Pou konbyen tan?
- Kisa m ka fè pou patisipe nan reyinyon pou rezoud pwoblèm pitit mwen an?
- Kisa m ka fè pou sipòte pitit mwen lakay mwen?
- Kijan m ap fè konnen si entèvansyon yo ap travay?



Kisa pou m espere de MTSS?

Ou kapab atann ou ak sa ki anba la a:

- Ede pitit ou a ogmante oswa diminye selon bezwen li yo.
- Enfòmasyon ak patisipasyon nan planifikasyon
- Identifye bonè pwoblèm akademik oswa konpòtman yo nan premye siy difikilte yo.

Enfòmasyon pou Paran

Kòm paran/responsab, ou gen opòtinite pou sipòte pitit ou avèk entèvansyon ki anplas yo. Y ap fè w konnen kija pitit ou a te reponn nan entèvansyon ansanm ak pwogrè l ap fè. Kòm paran/responsab, ou gen dwa tou pou mande yon evalyasyon nenpòt kilè pandan pwosesis Ekip ki Baze Lekòl/Rezoud Pwoblèm nan. Ekip ki Baze Lekòl/Rezoud Pwoblèm nan pral rankontre ansanm avèk Ekip k ap Travay ak Timoun nan pou konsidere rekèt la nan yon delè 30 jou.